

SÈVIS FANTASTIK.

DEKLARASYON DWA
PWOPRIYETÈ BIZNIS

VIL FANTASTIK.



Nan kad angajman Vil Nouyòk pou bay Nouyòkè yo bon jan sèvis kliyan, Biwo Majistra a ak Konsèy Minisipal la te kreye yon Deklarasyon Dwa Pwopriyetè Biznis yo.

Antanke pwopriyetè biznis nan Vil Nouyòk, ou genyen:

- Dwa pou jwenn aksè ak enfòmasyon, zouti, resous ak opòtinite ki nesèsè pou biznis ou kapab fè konpetisyon epi grandi nan Vil Nouyòk
- Dwa pou jwenn aksè ak enfòmasyon nan lòt lang ki pa Anglè
- Dwa pou yo konsidere bezwen ti biznis yo nan politik, règleman ak desizyon aplikasyon Vil la
- Dwa pou resevwa sipò alè ak kowòdone nan men ajans Vil la, ki montre respè pou tan pwopriyetè biznis yo
- Dwa pou resevwa enfòmasyon ki klè e ki fasil pou konprann sou règ ak egzijans yo
- Dwa pou resevwa enspeksyon ak mezi aplikasyon ki jis, konsistan epi ki kowòdone atravè ajans Vil la
- Dwa pou yon travayè Vil Nouyòk ki gen konesans, ki idantifye tèt li klèman, trete w avèk respè ak pwofesyonalis
- Dwa pou resevwa konsèy ak edikasyon ki klè pou ede korije pwoblèm yo anvan yo bay penalite, lè sa posib
- Dwa pou resevwa eksplikasyon ki klè sou vyolasyon yo, etap pou korije yo, ansanm ak opsyon pou konteste oswa fè apèl
- Dwa pou mande sèvis entèpretasyon lang pou enspeksyon, odyans administratif ak jijman, tankou konferans anvan jijman ak negosyasyon pou jwenn yon antant

-
- Dwa pou bay kòmantè an anonim sou eksperyans ou ak gouvènman Vil la san ou pa pè reprezay

Si ou pa resevwa sèvis ki satisfè kondisyon Deklarasyon Dwa yo, tanpri sèvi ak zouti kòmantè Vil la lè w chwazi “Kontakte Nou” (Contact Us). Enfòmasyon yo voye atravè [Sondaj Kliyan](#) an ka pataje ak diferan ajans Vil la pou amelyore sèvis yo bay pwopriyetè biznis yo.

nyc.gov/customersurvey

NYC